



Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D
Biwo Sipèntandan an



14 Mas 2020

Bonjou Fanmi ak Anplwaye nou yo,

Sante, sekirite, ak byennèt kominote lekòl nou an se pi gwo priyorite Konsèy Depatman Edikasyon an, administrasyon, fakilte ak anplwaye nan Lekòl Piblik Distri Vil Orange. Distri a mete règleman anplas pou adrese byennèt tout elèv ak anplwaye yo. Règleman 8451 la adrese kontwòl maladi kontajye yo. Kòm yon distri, nou te siveye alèt yo nan Depatman Edikasyon New Jersey, Depatman Sante New Jersey, ak Sant pou Kontwòl Maladi yo.

Kòm denye enfòmasyon, mwen te an kontak avèk Ofisyèl Sante Vil nou an ak Ofisyèl Konte a, Ofisyèl Depatman Edikasyon yo, kòlèg Sipèntandan, manm Konsèl Depatman Edikasyon nou yo ak lòt moun ankò yo pou nou te rive pran desizyon ki pi responsab ak ki pi efektiv ak bonjan aksyon kou pou elèv yo ak fanmi ki nan lekòl distri a an rapò avèk pandemic Koronaviris (COVID-19) la. Pandan ke kounye a pa gen okenn ka konfime oswa sispèk (KOVID-19) nan Distri nou an, dènyèmman rekòmansyonki soti nan Sant pou Kontwòl Maladi yo, Depatman Sante Lokal, Depatman Sante NJ ansanm ak anons ke Gouvènè Murphy te fè pase yè yo pou anile tout evènman nan tout Eta a ki k reyini plis pase 250 moun fè li parèt klè ke desizyon ki pi pridan an se pou nou fèmen lekòl nou yo ak tranzisyon nan aprantisaj vityèl.

Nou rekonèt ke fèmti lekòl yo kapab prezante yon pwoblèm pou fanmi yo, men se pa yon bagay ke nou pran alalejè, sepandan nou dwe aji ansanm nan pran responsablite nou pou fè fas rapidman ak defi sante piblik sa a. **Nou te pran desizyon pou adopte yon plan ijans pou fèmen Lekòl Piblik Distri Vil Orange nou an k'ap efikas imedyatman soti Madi 17 Mas jiska Vandredi 27 Mas 2020 an; konsa, tout pòt Lekòl ak Biwo Distri a ap rete fèmen.** Desizyon tranzisyon sa a ke nou pou prepare ansèyman a distans, se yon desizyon kip ran avèk anpil prekosyon, se yon mezi woaktif na jefò pou minimize risk potansyèl ekspozisyon a KOVID-19 la.

Nan Lendi 16 Mas 2020, nou deklare'l yon sesyon demi-jou pou ELÈV SÈLMAN (12:30 PM). Depi elèv rive nan maten jiska 12:30 PM y'ap resevwa enstriksyon sou kòman pou genyen aksè nan travay akademik yo pandan fèmti lekòl la ki gen rapò ak lasante. Lè nou fin ranvwaye elèv yo, anplwaye yo ap rete pou kontinye prepare leson ak travay pou aprantisaj/ansèyman vityèl.

Li enpòtan pou paran yo ak elèv yo genyen aksè nan divès kalite sit aprantisaj/ansèyman vityèl yo nan tout lekòl yo, pwofesè yo, nivo klas yo, depatman yo, ak matyè debaz yo pou yon konsistans nan pwosesis la. Pwosesis pou navige nan yon paj ijans pou Resous Aprantisaj/Ansèyman Elaji yon Pwofesè lekòl la (pou enstriksyon lakay) li dekri konsa:

Vizite sit entènèt lekòl la - Fakilte - (chwazi pwofesè a) - Aprantisaj Elaji /lekòl ki pi long (oswa kontni ki sitiye dirèkteman sou paj dakèy pwofesè a).

Pou moun ki te reponn atravè sondaj paran yo, kit e fèt Jedi 12 Mas ak Vandredi 13 Mas la (sondaj kit e genyen rapò ak moun ki genyen aksè sou entènèt ak aparèy eletwonik lakay yo, tankou tablèt / aparèy elektwonik, òdinatè, Kwombouk, ak laptop) ak te endike key o bezwen èd pou pou aparèy sa a, n'ap mete yon fòm ak pwosedi anplas nan lekòl yo pou siyati. Paran yo, n'ap mande ou pou vin siyen pou upran yon aparèy elektwonik pou pitit ou, men nou vle ke ou vin avèk yon Idantikasyon/ID valid Gouvènman an. Kowòdonatè Teknoloji yo se yo menm ki ki anchaj pouf è pwosesis distribisyon sa a. Ou ta cheche dwe wè avèk yo Lendi lè ou vin reklame aparèy elektwonik la.

Orè distribisyon aparèy elektwonik yo ap fèt nan **tout lekòl distri a** konsa: 9:00 AM-11: 00 AM ak 1:15 PM pou 3:15 PM. Sepanda, Scholars ak Orange Early Childhood Center (OECC) gen devwa ki pa mande pou entegrasyon teknoloji, se poutèt sa pa genyen nesite pou siyen pou aparèy elektwonik nan de kote sa yo.

Tanpri se pou konnen ke desizyon sa a serye anpil, epi kòm nou fè tout refleksyon posib pou asire ekite ak aksè nan preparasyon nou an. Se objektif nou pou nou bay sipò akademikman ak sistematikman ansanm ak lantiy sosyal emosyonèl pou tout fanmi ki nan Lekòl Piblik Distri Vil Orange. Nou rekonèt ke bilding lekòl nou yo sèvi kòm yon kay segondè pou elèv ak anplwaye nou yo.

Tout pwomnad, aktivite atletik, ak aktivite / evènman ki baze nan lekòl yo anile imedyatman apati de 16 Mas 2020 an jiska nouvèl lòd. Nou pral kontinye mete ajou tout enfòmasyon konsènan reyentegrasyon nan aktivite yo. Vandredi 27 Mas 2020, nan pral pran yon desizyon konsènan re-ouvèti lekòl yo Lendi 30 Mas 2020 oswa kontinye ak plan fèmti a. N'ap kontinye evalye sityasyon inik sa a epi n'ap bay ou dènye nouvèl sou kominote atravè imèl, telefòn plon gaye, sit entènèt distri a, ak tribin/platfòm medya sosyal yo. Mwen ankouraje w swiv Lekòl Piblik Orange sou Twitter, Facebook, ak Instagram oswa vizite sit entènèt la nan www.orange.k12.nj.us.

Pandan tan sa a, Lekòl Piblik Distri Vil Orange pral bay dejene/manje maten ak manje midi pake 'Grab/Pran-epi-Go/Ale', k'ap kòmanse Madi 17 Mas 2020 an gratis pou fanmi yo, nan plizyè lokasyon rankont. Lokasyon/kote ki chwazi yo se:

- Newcomers, ki sitye nan 123 Cleveland Street
- OECC (genyen ladan yo elèv ki soti nan Cleveland Street School), ki sitye nan 397 Park Avenue
- Scholars Academy, ki sitye nan 268 Capuchin Way
- Forest Street School, ki sitye nan 651 Forest Street
- Heywood Avenue School, ki sitye nan 421 Heywood Avenue
- Lincoln Avenue School, ki sitye nan 216 Lincoln Avenue
- Oakwood Avenue School, ki sitye nan 135 Oakwood Avenue
- Park Avenue School, ki sitye nan 231 Park Avenue
- Rosa Parks Community School, ki sitye nan 369 Main Street
- Orange Preparatory Academy, ki sitye nan 400 Central Avenue
- Orange High School ((genyen ladan yo elèv ki soti nan STEM Academy), ki sitye nan 400 Lincoln Avenue

Orè Sèvis pou TOULÈDE manje maten ak manje midi yo òganize pa siyati:

- A-F: 7:30am – 8:00am
- G-L: 8:00am – 8:30am
- M-R: 8:30am – 9:00am
- S-Z: 9:00am – 9:30am

Li enpòtan pou note ke si yon elèv soti nan Orange Preparatory Academy epi yo gen yon frè ak sè nan Forest, li admisib pou yo pran manje maten ak manje midi yo nan lekòl ki pi pre a. Elèv Pre-Matènèl nan sit founisè yo pral rapòte nan lekòl ki pi pre kay yo pou yo ka gen yon repa pou manje maten ak manje midi.

Mwen mande ke ou kontinye tcheke sit entènèt la pou enfòmasyon ki monte dat konsènan kapasite WIFI. Nou pran angajman pou nou travay ak tout fanmi nou yo nan lekòl distri a. Kòm yon rapèl, jou kote elèv ki afekte nan yon fèmti ki gen rapò ak sante piblik gen aksè a sèvis enstriksyon lakay yo, ki konsistan avèk direksyon ki bay pa Eta a, ap konte kòm jou lekòl an konfòmite avèk egzijans 180-jou a ak an akò avèk règleman NJSA18A: 7F-9 la.

Mwen vle di ou mèsi pou sipò kontinyèl ou nan Lekòl Piblik Distri Vil Orange. Yon lòt fgwa ankò, nou pran angajman pou nou asire sante ak sekirite tout moun ki gen enterè ki antre nan pòt nou yo. Enfòmasyon ki pi resan jan li gen rapò ak Koronaviris la ansanm ak ke mezi prevansyon yo y'ap afiche/poste sou sit entènèt distri a, www.orange.k12.nj.us, nan Resous KOVID-19 Re. Nou pral kontinye mete sit entènèt distri a ajou kòm sadwa ofi e amezi n'ap genyen plis enfòmasyon ki vin fasilman disponib.

Se Moun Pa w la nan Edikasyon,

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Sipèntandan Lekòl yo